



## **2015 OPPORTUNITY AGENDA: ETABLI POSIBLITE EKONOMIK**

Re: Alejman Taks Fonsye pou Fanmi Klas Mwayèn

Dat: 14 janvyè 2015

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te prezante premye dokiman « 2015 Opportunity Agenda » li a – yon pwogram kredi enpo sou pwopriyete \$1.66 milia ki pote soulajman pou pwopriyete kay ak lokatè ki plis bezwen sa.

Pandan dènye dis lane ki sot pase yo, enpo sou pwopriyete nan New York ogmante nan nivo istorik. Kesyon an pou fanmi atravè Empire State la se pa èske yo gen mwayen pou achte yon kay – ki te yon senbòl reyalizasyon rèv ameriken an – men pito èske yo gen mwayen pou peye taks fonsye sou kay sa.

Pou restore opòtinite ekonomik atravè eta a, nou dwe kontinye bay alejman tax sou propriete pou fanmi klas mwayèn ak pòv kap goumen anba pwa crushing taks sou pwopriyete.

Sou baz siksè plafon taks sou pwopriyete ak inisyativ pou friz faks sou pwopriyete, nouvo pwopozisyon an pral pote gwo soulajman pou pwopriyete kay ki gen pi gwo bezwen atravè kreyasyon yon Kredi Enpo Fonsye pou fanmi ki gen presyon taks fonsye ki depase sis pousan revni yo.

Kontribiyab ak revni ki anba \$250.000 tap kalifye pou kredi sa, epi kredi a reprezante jiska 50 pousan kantite lajan ki fè taks sou pwopriyete depase nivo presyon sis pousan an. Kantite lajan espesifik kredi a nan 50 pousan sa detèmine sou yon echèl revni pwogresif, konsa Nouyòkè ki gen pi gwo presyon taks ak pi ba nivo revni pral benefisye pi gwo soulajman.

Lè l fin anvigè nèt, plis pase 1.3 milyon kontribiyab Eta pral resevwa yon kredi mwayen \$950. Andeyò Vil New York, se sèl taks yon jiridiksyon ki respekte plafon taks pralve kap rantre nan kalkil kredi a. Total avantaj kontribiyab la jwenn nan nouvo pwopozisyon sa pral rive jis nan nivo 1.66 milya sou yon baz chak ane yon fwa kredi a anvigè nèt nan katyèm lane a (lane 4).

W ap jwenn yon distribisyon nan chak rejyon kap montre kantite pwopriyetè kay ki sipoze benefisyè, epi kantite soulajman yo prevwa, ansanm ak yon distribisyon echèl revni pwogresif la ki detèmine kantite kredi espesifik la:

Rejyon	Benefisyè	Soulajman Mwayen
Nan tout eta a	1.311.567	\$956
Pati Nò Eta a	543.299	\$781
Konte Nassau	207.250	\$1.208
Konte Suffolk	125.167	\$1.148
Lòt Banlye nan Sid Eta a	226.267	\$1.119
Pwopriyetè Kay NYC	209.584	\$872

Kategori Revni	Nivo Limit (Taks sou pwopriyete antanke yon pousantaj revni)	Soulajman (Pousantaj aplike pou kantite a ki anwo nivo limit la)	Kantite Soulajman Maksimòm
Mwens pase \$75.000	6%	50%	\$2.000
\$75.000 - \$150.000	6%	40% - 50%	\$1.500 - \$2.000
\$150.000- \$250.000	6%	15% - 40%	\$1.000 - \$1.500

Plafon tax sou pwopriyete atravè eta 2011 lan te kontribiye anpil nan diminye presyon fiskal la pou pwopriyetè kay atravè eta a. Pandan twa premye lane plafon an, kontribiyab kap peye taks sou pwopriyete mwayen an pral epaye plis pase \$800 konpare ak si taks te kontinye ogmante

nan to kwasans mwayen anvan. Ekonomi sa yo pral rive \$2.100 nan taks sou pwopriyete lokal disi lane 2017 si tandans sa kontinye.

Friz Taks sou Pwopriyete a, ki te pibliye lane pase a, pote soulajman dirèk pou pwopriyetè kay New York. Sou twa lane, pwogram lan pral pote plis pase \$1.5 milya nan soulajmantak sou pwopriyete dirèk, epi Nouyòkè mwayen an pral resevwa apeprè \$656. Friz la rezoud tou youn nan prensipal detèminan taks sou pwopriyete men wotè Eta a atravè ankourajman pou gouvènman lokal ak distri lekòl chèche efikasite epi pataj sèvis.

Pwopozisyon soulajman fiskal Gouvènè a gen ladann tou yon kredi lokatè, sou baz estimasyon 13.75 pousan lwaye brit chak ane ale nan taks sou pwopriyete. Kredi a la pou kontribiyab ki gen revni ki rive jiska \$150.000 lè kantite lajan ki ale nan taks sou pwopriyete depase sis pousan revni yo. Sa pral garanti jistis ak egalite pou apeprè yon milyon Nouyòkè ki- menm lè yo pa posede pwopriyete – toujou ap sibi presyon to taks sou pwopriyete men wotè ki se mak fabrik Eta New York depi plizyè dizèn lane.

Nouvo kredi yo pral rantre nan Bidjè Egzekitif 2015-16 Gouvènè a.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

**We Work for the People**

Performance \* Integrity \* Pride